

An 3 Out 2020, Michigan Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen nan Michigan) (MDHHS) te pibliye yon lòd sante piblik ki te di patwon agrikòl Michigan ak pwopriyetè kan / migran yo pou bay tès COVID-19 gratis pou travayè agrikòl yo ak rezidan kan migran yo nan dat 24 out 2020 epi bay lojman izolasyon. Silvouplè, li enfòmasyon sa yo ak anpil atansyon kòm refize tès la ka afekte kapasite'w pou travay.

Kiyès ki kouvri nan lòd sa?

- ✓ Ou dwe gen 18 an oubyen plis.
- ✓ Moun ki rete nan kay pou travayè agrikòl migran ki gen lisans MDARD
- ✓ Travayè agrikòl imigran ak sezon, H-2A travayè yo, travayè nan sèr, vyann, vyann poul, ze, epi travay ki gen plis pase 20 travayè nan yon tan.

Kisa lòd la mande pou patwon agrikòl ak mè/operatè kan yo?

- ✓ An 24 out, 2020 oubyen pi bonè, patwon yo ak mè/operatè kan ki kouvri nan lòd la ap dwe fè aranjman pou yon sèl-fwa (omwen) tès nan rezidan aktyèl yo ak travayè yo, kèlkeswa sentòm yo oswa ekspoze, EPI:
 - Teste moun ki fenk rive nan kan yo, kèlkeswa sentòm yo oswa ekspoze yo, de fwa:
 - Premyèman, nan 48 è apre yo rive
 - Dezyèmman, 10-14 jou apre yo rive.
 - Teste nouvo travayè yo anvan yo kòmanse travay an pèsòn
 - Teste moun ki rete nan kan yo ak travayè ki gen sentòm oswa sispèk te ekspoze sou COVID-19
- ✓ Pwopriyetè/operatè kan yo dwe fè tou:
 - Tcheke tanperati moun ki rete nan kan yo chak jou.
 - Mete nouvo moun nan kan yo nan diferan lojman de lot rezidan yo pou 14 jou apre yo rive
 - Si lojman separe pa posib, mande nouvo rezidan kan yo pou yo mete mask sou figi yo apre nan kan an epi apre travay, eksep lè yo ap maje, bwè, oubyen fè ijyèn pèsònèl.

Èske mwen dwe peye pou tès la?

- ✓ Non, yo pa dwe chaje ou anyen pou yo teste ou, kèlkeswa si ou gen asirans medikal oubyen si ou genyen yon bon imigrasyon estati.
- ✓ Patwon ak operatè kan yo responsab pou depans tès la epi yo ka chèche ranbousman nan asirans sante e yo ka jwenn èd nan eta Michigan pou fè tès la..
- ✓ Pa gen dediksyon, chaj endirèk, oswa frè pou fè tès la.

Èske mwen dwe fè tès la?

- ✓ Ou ka refize fè tès la men gen konsekans. Travayè ki refize pa kapab fè travay an pèsòn pou yon patwon ki nan lòd sa a. Rezidan kan ki refize yo dwe viv nan izolasyon lojman.

Ki enfòmasyon mwen bezwen bay pou mwen ka pran tès la?

- ✓ Ou pral gen pou bay patwon ou oubyen operatè kan ou a non ou, nimewo telefòn ou, dat de nesans ou, sèks ak ras/etnisite ou. Enfòmasyon sa yo pral pataje ak founisè yo ki ap fè tès la.
- ✓ Pa gen moun ki ta dwe mande enfòmasyon sou estati imigrasyon ou.

Sak ap rive si mwen tèste positif pou COVID-19?

- ✓ Ou dwe sispann travay epi ou pa kapab retounen nan travay la jiskaske ou satisfè kondisyon pou ou retounen nan travay etabli pa CDC a.
- ✓ Ou dwe swiv rekòmandasyon ak kondisyon CDC a avek depatman sante lokal yo, ki gen ladan karantèn oubyen mete tèt ou nan izolasyon.
- ✓ Si w ap viv nan yon kan migran, patwon ou oswa pwopriyetè/operatè kan yo dwe fe tou:
 - Fè aranjman pou yon founisè medikal nan depatman sante lokal la oswa nan sant sante kalifye federalman vinn evalye yo.
 - Bay ou lojman pou izolasyon, manje, ak fasilite twalèt separe de moun ki abite ki pa gen COVID-19-konfime.
 - Asire bon vantilasyon (pa egzanp, si ou ouvri fenèt ekran pou kite bon van antre andan an) nan chanm sispèk COVID-19 rezidan an..
 - Asire ke nenpòt moun ki delivre manje ak dlo bay rezidan izole a gen apwopriye ekipman pou proteje tèt li (pa egzanp, yon mask).
- ✓ Ou ka gen opsyon pou izole tèt ou nan yon kote pou lojman ansekirite nan eta a, kote manje, kabann, atik pou swen pèsònèl ak plis bagay. Ou ka pote fanmi ou avèk ou.
- ✓ Ou ka kalifye pou peman anplwayè w la, Ajans Asirans Chomaj la, oswa Ajans Aksyon Kominotè a (gade feyè nou an ki gen tit Dwa pou Peman pandan woulman COVID-19).

Ki moun ki ap konnen si mwen teste positif pou COVID-19?

- ✓ Ofisyèl sante piblik yo, DHHS, ak patwon ou a pral ap konnen si ou teste positif.
- ✓ Dapre lwa federal, patwon ou pa ta dwe pataje enfòmasyon ou ak nenpòt lòt moun.
- ✓ Patwon ou oubyen ofisyèl sante ou yo ka kontakte moun ou te kontakte yo, tankou moun ou travay ansanm avek yo, pou di yo ke yo ke li posib ke yo te ekspozè sou COVID-19 men yo pa dwe bay idantite ou.

Èske mwen pral peye pandan mwen nan karantèn oubyen nan izolasyon?

- ✓ Ou ka gen dwa a de semèn peye konje maladi nan pousantaj regilye travay ou a te konn peye ou anba konje federal peye malad pandan ou nan izolasyon oswa karantèn akòz COVID-19. Ou ka kalifye tou pou Asirans Chomaj Pandemik. Gade avi nou yo ki rele Michigan Paid Sick Time Leave, Expansion of Unemployment Benefits due to Covid-19, and Right to Payments During Covid-19.

Kilè mwen ka retounen nan travay mwen an apre mwen fin teste positif pou Covid-19?

- ✓ Yon patwon pa ta dwe egzije ou pou ou retounen nan travay la jiskaske aprè ou refè epi ou pase tout règleman CDC ki pi aktyèl pou w fè ou retounen.
- ✓ Kounye a, CDC a rekòmande pou kontinye izolasyon jouska ke:
 - Omwen 10 jou te pase depi sentòm Covid-19 kòmansman; **E**
 - Omwen 24 è de tan te pase depi lafyèw la pase san ou pa itilize nenpòt ki medikaman pou lafyèw la; **E**
 - Tout lòt sentòm yo amelyore.

E si bòs mwen oswa sipèvizè mwen an di m pou mwen pa fè tès la?

- ✓ Ou ka ale pote plent. Ou gen dwa resevwa tès gratis epi patwon ou oubyen pwopriyetè kan ou pa ka fè presyon oswa fòse ou refize fè tès la.

Ki kote yon travayè ka pote plent sou vyolasyon lòd sa a?

- ✓ Si ou ta renmen pote plent, rele liy telefòn sa a **855-SAFE-C19 (855-723-3219)**
- ✓ **Oubyen** pote yon plent aba Michigan Occupational Safety and Health Act (MIOSHA) isit la [here](#).

Kesyon? Rele liy dirèk Farmworker & Immigrant Worker an: 800-968-4046.

Nou bay konsiltasyon gratis konfidansyèl pou travayè agrikòl ki pa gen anpil lajan.